



BUPATI WONOSOBO

PAMEDHARSABDA BUPATI WONOSOBO PISOWANAN AGUNG PENGETAN AMBAL WARSA KAPING 200 KABUPATEN WONOSOBO

KAMIS, 24 JULI 2025

**Assalamu'alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh,
Nugroho Sih Wilasaning Gusti Ingkang Moho Mirah,
mugi tansah tumedhak, tumanduk dhumateng
panjenengan sedoyo lan kulo waradin sagung
dumadi,lestari raharjo.**

- Sesepuh pinisepuh ingkang musthi dhateng jatmikaning dhiri ingkang satuhu Kinabekten.
- Ingkang KinurmatanWakil Bupati dalah Ibu.
- Ingkang sinanding Karahayon Jajaran Forum Koordinasi Pimpinan Daerah Kabupaten Wonosobo sarimbit garwo,
- Sekretaris Daerah, Para Staf Ahli, Asisten Sekda, lan Para Pimpinan Organisasi Perangkat Daerah sarimbit garwo.
- Ingkang winantu Suko Yuwono Basuki Sedoyo Anggota DPRD Kabupaten Wonosobo.

- Camat se-Kabupaten Wonosobo saha Firkopimca sarimbit garwo miwah Pimpinan BUMN/BUMD, Perusda lan Perbankan ing Wonosobo ingkang mahambeg bowo laksono.
- Rektor UNSIQ lan Poro Pametri Budoyo ingkang kaimpun ing Ponco Pamengku Budoyo soho Poro Tokoh Masyarakat, Poro kadang Juru Wartu, Tamu Sedhahan, sarto Pasarto Pisowanan Agung ingkang Bagyo lan Mulyo.

Kalangkung rumiyin monggo sesarengan panjenengan sedoyo kulo derekaken manungkul ing panembah kanthi tansah handedepe ing ngarso Dzat Ingkang Moho Welas Asih nun inggih Allah SWT awit paringipu kanugrahan tanpa tanding awujud Kabagaskwarasan tuwin Kawilujengan satemah panjenengan sedaya lan kula saget kempal manunggal ing Baciro Projo kanthi manggih Bagaskwarasan tuwin Kawilujengan.

Murwakani atur, kulo ngaturaken pambagyo kawilujengan soho sugeng rawuh dhumateng sedoyo pasarto Pisowanan Agung Ambal Warsa kaping 200 (*kalih atus*) Kabupaten Wonosobo lan matur nuwun rawuhipun miwah panyengkuyungipun.

Pasarto Pisowanan miwah wargo masyarakat Wonosobo ingkang kalinggo karaharjan,

Ngrembag lan Hangejawantahaken Pengetan Ambal Warso Wonosobo sampun tartamtu boten saget uwal kalayan sujarah perjuangan lan pengorbanan para leluhur kusamaning bongso, inggih meniko lelandhesan kedadosan rikala unggul sepisanan prajurit Pangeran Diponegoro, ing Perang Jawa utawi "De Java Oorlog" ingkang kapandhegani dening kyai Muhammad Ngarpah lan tembene minongko Bupati Pangarso Projo ingkang sepisanan lan pinaringan nugroho asmo Kanjeng Raden Tumenggung Setjonegoro lan Kertonegoro, satemah dadosaken Wonosobo minongko Kabupaten ingkang sepisanan saking kedadosan Perang Jawa. Awit saking meniko, pengetan kalih abad Kabupaten ingkang kula lan panjenengan sedoyo tresnani, bekto momentum kontemplatif awit tapak tilas sujarah ingkang sampun kawuri. Babarpisan, ngajab panjenengan sedoyo lan kulo nulodho labuh labeting poro leluhur kanthi sikep lila legawa nyorohaken nyowo miwah bondho sarto nuwuhaken optimisme ing dinten tembene badhe langkung sae lan temoto.

Jumbuh kalayan meniko, Pisowanan Agung minongko kalodhangan ingkang sae lan trep kangge gathukaken antawis poro Pimpinan Daerah sarto jajaran Pemerintah Kabupaten Wonosobo, kalayan sedoyo elemen masyarakat, ing bingkai guyub rukun lan mad sinamadan. Selaras kalayan tema Pengetan Ambal kaping-200 (*kalih atus*) Kabupaten Wonosobo, **"Dwi Abad Wonosobo, Kukuh ing Tembayatan, Unggul ing Samukawis, Tumuju Wonosobo**

Raharjo, Adil, lan Makmur”, semangat gotong royong lan mad sinamdan kanthin sinergis antawis pamarintah kalayan wargo masyarakat, kaajab kinaryo bukti nyoto pambudidoyo mawujudaken Wonosobo ingkang raharjo, adil, lan makmur. Pramilo ing kalodhangan ingkang sae meniko, kasuwun sedoyo elemen masyarakat Wonosobo, saget manunggalaken tekad, ngerahaken doyo upoyo miwah derek gumregut tandang gawe kangge suksesipun program pembangunan.

Sagung pasarto miwah wargo masyarakat ingkang bagyo lan mulyo,

Momentum Ambal Warso ugi minongko pahargyan lan sumbangsih wargo masyarakat, pramilo prayoginipun saget karaosaken dening sedoyo elemen masyarakat Wonosobo, satemah tuwuh roso handarbeni dhumateng kabupaten ingkang katresnani lan kuwowo minongko panjurung kangge wargo masyarakat murih saget derek kiprah ngrampungaken pembangunan daerah. Pramilo ing kalodhangan meniko, sampun kasamektakaken gunungan saking Balai Penyuluh Pertanian dan Kontak Tani Nelayan Andalan 15 (*gangsalselas*) Kecamatan soho tenong saking OPD miwah aparatur pamarentah sanesipun kinaryo bebono kangge wargo masyarakat.

Kantheni makaten gumebyar Pengetan Ambal Warso kaping 200 (*kalihatus*) Kabupaten Wonosobo kaajab saget ngraketaken antawis wargo masyarakat kalayan aparatur

pamarentah daerah kangge nyengkuyung Wonosobo ingkang unggul samudayanipun. Datan katalumpen,kasuwun sedoyo elemen masyarakat siaga derek partisipasi ing pembangunan, wiwit eguh pratikel,tenogo,wekdal menapadene kiprah nyoto kangge ngrampungaken program pemerintah, murih mawujud karaharjaning wargo masyarakat.

Bapak Ibu ingkang sinanding karaharjan,

Ambal Warso kaping 200(*kalih atus*) meniko minongko doyo kekuatan kangge kulo miwah jajaran Pamarintah Kabupaten Wonosobo, kangge teras ngundhakaken kiprah kinerja pembangunan ing sadhengah bidang, ngukuhaken komitmen kangge ngrampungaken masalah daerah,lan teras budidoyo mawujudaken tatanan masyarakat Wonosobo ingkang adil lan makmur. Kawontenan meniko,tartamtu betahaken tembayatan sedoyo elemen. Datan katalumpen Panjurung dongo konjuk Gusti Inkang Moho Agung ugi tansah kalafalaken,salah setunggaling lumantar prosesi Birat Sengkala ing sekawan kiblat,kanthi pangajab murih pinaringan Hayom,Hayem lan Tentrem satemah Karaharjan ing bumi Wonosobo tetep Lestari.

Bapak Ibu tamu sinedhahan miwah sanggyo wargo ingkang kalinggo karaharjan,

Jajaran Pamarentah Daerah lumatar kulo, ugi ngaturaken agunging panuwun tanpo pepindhan awit kiprah lan panyengkuyung sedoyo elemen masyarakat ingkang sampun derek partisipasi ngregengaken pengetan Ambal Warso kaping 200 (*kalih Atus*)Kabupaten Wonosobo. Kepyakan Rerangken meniko kaajab saget kinaryo batu loncatan utawi jembatan kangge temoto soho kawangunipun raharjaning wargo ing sadhengah bidang. Saklangkung saking meniko, mugi kiprah ingkang sampun panjenengan lan kulo lampahi saget kinaryo doyo kekuatan kangge nuwuhaken sikep belo negoro kang tanpo kendhat mijilaken greget guyub rukun,gotong royong ugi ngundakaken roso handarbeni ing jati dhiri bongso lan roso tresno dhumateng ibu pretiwi .

Makaten ingkang saget kulo aturaken,sedoyo khilaf lan lepat nyuwun diagungno aksomo.

Dirgahayu, Kabupaten Wonosobo!

Dwi Abad Wonosobo, Kukuh ing Tembayatan, Unggul ing Samukawis, Tumuju Wonosobo Raharjo, Adil, lan Makmur!

Sekian dan terima kasih,

Wassalamu'alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh.

BUPATI WONOSOBO

AFIE NURHIDAYAT, S.Ag